The Children's Trust
Dedicated to improving the lives of children and families in Miami-Dade County

Volim 5, Piblikaysyon nimewo 1 • Novanm 2005

ba yo plis konesans renmen yo plis

Chak moman ou pase ak pitit ou konte. Chante pou pitit ou, li pou li, anbrase li, etabli woutin pou li, koute li lè li vle di w yon bagay oubyen lè li vle yon bagay, manmen li kay dokte regilyèman epi chwazi yon bon kote pou ou bay gade li. Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann renmen lòt moun, se kon sa y aprann reyisi.

Telefone 305-631-8111 pou ou pran plis enfòmasyon www.bayopliskonesansrenmenyoplis.org

Enskri nan pwogram KidCare la kounye a

Mwa Janvye se lè pou tout moun enskri nan pwogram asirans pou timoun piti ki rele KidCare la. KidCare koute bon mache, gouvènman an bay sibvansyon pou sèvis la epi se yon pwogram asirans sante ki pou timoun ki gen paran ki pap fè anpil lajan pou valè timoun ki sou responsablite yo, sitou sa ki pa gen mwayen jwenn asirans pou pitit yo nan travay yo. Paregzanp, nan ane 2004 la limit yo te tabli pou yon fanmi 4 moun se te $37,700.

Si w bezwen plis ransèyman oubyen si w bezwen yon aplikasyon, telefone 305-468-5437. Dènye delè pou tout moun enskri se 30 janvye. Yo pap sèvi ak okenn aplikasyon ki rive nan biwo a apre dat sa a.

Nan rankont espesyal palman Eta Florid la te fè nan mwa desanm nan, gen anpil chanjman ki te fèt pou fasilite demach paran yo oblije fè pou yo enskri pou pitit jwenn asirans maladi "KidCare" la; sa repoze lespri anpil nan yo. Kounye a yo pa verifye salè yo yon pakèt fwa ankò. Se yon sèl nan dokiman sa yo yo egzije paran yo pou verifye salè yo:

- Yon fòm 1040 pou enpo sou salè ki deja ranpli.
- Yon fòm W2
- Yon souch chèk travay

Kounye se de fwa pa ane sèlman yon moun gen dwa enskri pou pwogram asirans maladi sa a. Pa rate dat enpòtan sa yo pou w ka jwenn asirans maladi pou pitit ou.

Modesto E. Abety
Prezidan ak Egzekitif anchaj
Òganizasyon "The Children's Trust"

Kè kontan ak defi ki genyen nan fè elevasyon yon timoun bileng

Moun ki ekri atik sa a se Celia Barreiro-Blanco, M.S., CCC-SLP, yon òtofonis bileng k ap travay nan ABC Therapy Inc.

Fè edikasyon yon timoun bileng kapab pote anpil kè kontan ak yon ti kras defi tou. Fè levasyon pitit ou nan yon kay ki gen moun bileng, se yon kado pou tout lavi. Lè n bay timoun konesans ak kapasite pou yo kominike ak lòt moun, sa ede yo devlope relasyon ak tout kalite moun. Ou kapab ede pitit ou adopte istwa ak lang fanmi w ansanm ak istwa ak lang peyi Etazini.

Kè kontan chak jou nou yo genyen menm enpòtans. Sa kapab admirasyon ou santi nan kè w lè pitit ou pale ann Angle ak yon moun, epi apre sa li pale ak yon lòt moun byen alèz tou nan yon lòt lang. Yon bagay ki ba w menm satisfaksyon an tou, se lè w ap gade pitit ou k ap jwe nan yon anviwònman kiltirèl ak lengwistik ki diferan, san li pa rann li kont sa l ap fè a se yon bagay ki nòmal epi ki estwòdinè an menm tan. Chak fanmi pran plezi elve pitit yo fason pa yo, menm jan tou yo boule ak moman difisil yo fason pa yo. Men fanmi bileng yo gen anpil bagay an komen.

Premye defi epi defi ki pi gwo paran yo rankontre se èske yo ta dwe elve timoun yo pou y ap pale de lang an menm tan (depi yo tibebe), oswa pou yo aprann pale yon lang nèt anvan yo aprann yon lòt (yo pale yon sèl lang jouk yo rive laj 3 an oswa 4 an). Sa nou jwenn pi plis se timoun k ap aprann pale 2 lang an menm tan. Timoun ki aprann de lang an menm tan, yo travay byen an jeneral. Yo gen yon avantaj an kominikasyon pou yo sèvi ak de lang pandan yo tou piti.

Paran k ap leve timoun k ap aprann 2 lang an menm tan, souvan yo enkyete pou pitit yo pa vin dezoryante; yo panse timoun yo ka "melanje" lang yo kon sa yo pa janm rive aprann ni youn ni lòt byen, oswa yo ka mal pou trape son yo lè y ap aprann li ak ekri. Pi fò timoun, menm sa ki gen yon andikap, yo gen kapasite pou jere plizyè lang. Yon aspè ki enpòtan nan leve timoun k ap aprann pale 2 lang an menm tan, se pou yo gen yon rezo ki ankourajan epi ki bay tou de lang yo valè, yon fason pou timoun yo ka jwenn okazyon ki edikasyonèl epi ki ankourajan pou yo aprann epi sèvi ak tou de lang yo, epi pou anpeche yo "pèdi" lang yo pa sèvi tou le jou a pandan y ap grandi.

Apwòch aprann yon premye lang epi yon dezyèm lang apre sa, se pa tout moun ki dakò avè l paske timoun yo pa pale dezyèm lang nan (jeneralman Angle) jistan yo vin gen laj pou yo ale lekòl. Timoun nan ap devlope yon bon baz pou lang ki pa lang prensipal la epi l ap pale l fen; kon sa l ap gen mwens chans pèdi lang sa a pita. Chèche èd lòt moun k ap ofri divès anviwònman kominikasyon nan premye lang nan. Ofri timoun nan medya (liv, mizik, lojisyèl, sinema) nan lang sa a. Paran k ap leve timoun pou yo aprann yon lang a premye epi yon

continued to page 2

Men sa ki nan ti journal sa a

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvi aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti jounal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111.

ba yo plis konesans
renmen yo plis

Poze espè a kesyon

Otè: Debbie Glasser, Ph.D., direktè sèvis sipò pou fanmi nan Mailman Segal Institute for Early Childhood Studies, Nova Southeastern University.

K: Mwen fèk fè yon tibebe, m pral tounen travay. M bezwen jwenn yon bon gadri pou li. Ki sa m ta dwe chache konnen?

R: Chèche yon bon gadri mande anpil atansyon, planifikasyon ak rechèch. Pran san ou pou w ka fè yon bon chwa pou pitit ou ak fanmi w. Men sa espè yo di bon jan gadri pou timoun piti ta dwe genyen:

- Yon pwogram ki ranpli tout kondisyon pou l opere avèk yon gwoup anplwaye ki byen fòme nan koze devlopman timoun.
- Mou ki gade timoun ki konn sa y ap fè, espesyalman pou timoun ki tou piti ak timoun l a 3 an ki bezwen moun pou gade ou kon sa yo ka fè, moun yo ka fè konfyans, moun ki kab ede yo devlope sans sekirite yo ak amou pou tèt yo.
- Ti gwoup timoun kote to anplwaye ak timoun yo wo pou asire yon atansyon endividyèl.
- Moun ki gade timoun ki reyaji byen, ki konprann enpòtans tanperaman chak timoun, orè yo, dispozisyon ak preferans chak timoun.



- Yon prensip disiplin pozitif ki ankourajan, lojik, epi ki mache ak laj timoun yo, san menas pou fè yo mal, imilyasyon ak entimidasyon.
- Gadò ki okouran kilti, ki sipòte epi ki respekte kilti, langaj ak valè moral chak fanmi.
- Règleman ak pwosedi sante ak sekirite ki genyen plan daksyon nan ka ijans ak blesi, yon sipèvizyon kòrèk, ak pratik sanitè nan bay timoun yo manje ak nan chanje kouchèt yo.
- Diferan kalite jwèt enteresan, liv ak materyèl ki bon pou laj timoun yo, yon kote san danje ki ankouraje esplorasyon ak dekouvèt.
- Bon jan rapò ak paran yo nan respè, kote pòt yo toujou ouvè pou resevwa paran yo pou di sa yo panse, pou yo vin gade sa pitit yo ap fè nenpòt lè epi rankontre ak moun ki gade pitit yo.

Vizite plizyè sant epi obsève reyaksyon gadò yo ak timoun yo. Èske anplwaye yo ak timoun yo sanble yo kontan? Èske gen yon atmosfè kè kontan? Rankontre ak direktè a. Pran ransèyman sou apwòch anplwaye yo sèvi pou pran swen timoun piti yo. Pale ak paran, ak anplwaye. Tcheke referans ak papye pèmi yo. Poze keksyon. Koute lide w.

Kon w fin chwazi yon sant gadri, bay tèt ou ansanm ak tibebe w la tan pou chache konnen moun ki gade timoun yo ak fason sant la opere. Kèk paran fè aranjman pou retounen travay nan fen semèn nan yon fason pou pitit yo ka pase dezoutwa jou nan nouvo sant lan epi pou pase finisman semèn nan lakay pou l kab adapte ak chanjman yo tou dousman.

Kontinye pase tan nan sant lan pou obsève moun ki gade pitit ou a epi pou asire w anviwònman ou chwazi a li ankouraje devlopman epi li sanble se pi bon kote pou wou ak bebe w la.

Pou plis enfòmasyon sou fason pou chwazi yon gadri, epi pou jwenn yon lis gadri ki gen lisans ki nesesè pou yo travay nan kominote wou, ale nan sit wèb sa a **www.teachmorelovemore.org**.

Kè kontan ak defi ki genyen nan fè elevasyon yon timoun bileng *continued from page 1*

lòt lang apre, yo gen enkyetid sou ki jan timoun yo pral boule sosyalman ak ki jan yo pral aprann nan yon lekòl Angle, paske sa prèske sèten ladrès langaj yo nan lang Angle a ap pi an reta pase ladrès pa lòt timoun ki gen menm laj ak yo (men sa a se pou kòmansman an sèlman). Paran sa yo ap mande tèt yo si yo ta dwe chwazi edikasyon nan yon sèl lang oswa edikasyon bileng (ki fèt nan 2 lang). Paran sa yo enkyete de presyon fanmi, zanmi ak etranje ki gen bon entansyon ap ba yo lè y ap fè kòmantè sou metòd la; epi yo gen enkyetid sou difikilte timoun yo ap genyen pou yo kominike pandan yo tou piti ak moun ki pale Angle sèlman. Men se prèske san mank timoun yo aprann dezyèm lang lan vit, yo aprann li byen, kèlkeswa fason yo enstwi yo.

Meyè apwòch pou aprann yon timoun an 2 lang se apwòch pa w la. Si w gen kapasite oswa ou gen anvi ofri kado pou l aprann pale 2 lang, pa dekouraje. Chèche teknik ki mache pou wou a. Si w gen enkyetid sou devlopman pitit ou, pale sa ak pedyat li epi/oswa pale ak yon òtofonis bileng.

Antan paran timoun bileng, pi gwo kè kontan pou mwen se lè m te wè yon relasyon ki t ap devlope ant pitit mwen yo ak gran gran paran yo. Relasyon sa a pa ta janm fleri si pitit mwen yo pa t konn pale lang natif natal mwen an. Kè kontan sa pote bay gran gran paran pitit mwen yo ak ranfòsman sa pote bay pitit mwen yo, se pa bagay okenn moun ka achte ak lajan kontan.

Yon fwaye pezib: Kote y ap pran swen ou

Otè: Diane Carlebach pou Peace Education Foundation.

Lè ane a chanje youn nan sa anpil moun toujou di yo swete yo ka fè se okipe tèt yo pi byen. Se yon desizyon ki enpòtan anpil pou paran. Lè w pran swen tèt ou, w ap sipòte sante w ak byennèt ou, epi tou w ap pi an mezi pou pran swen pitit ou. Lè w ap pran swen tèt ou, sa se yon mwayen enpòtan pou pran swen tout fanmi w epi kreye yon fwaye pezib.

Men kèk sijesyon:

- Pran tan pou li jounal, yon magazin, oswa yon liv chak jou pou w konn sa k ap pase, aprann yon bagay nouvo, oswa pase yon bon ti moman an pè. Lè pitit ou wè w ap li, yo va aprann devlope renmen pou lekti pita nan lavi yo.
- Pase kèk minit ap ekri panse w, refleksyon w, lide w, rèv ou, ak plan w nan yon kaye. Sa ap ede w bay santiman w yo atansyon, koute bezwen ak swè w yo, epi fè plan pou wou ak tout fanmi w.

- Pran plezi nan fè egzèsis. Mete mizik epi danse ak pitit ou nan salon an. Oswa bay pitit ou woulib nan twotinèt la, pandan n ap fè yon bon ti pwomennen nan katye a ansanm. Aktivite fizik kapab fè w santi w pi an sante, pi fò, epi tou sa ba wou yon ti repo byen merite nan aktivite bezwen lavi a. Pale ak moun k ap ba w swen lasante a anvan w koumanse nenpòt pwogram egzèsis.
- Pran yon randevou santimantal ak madanm ou, mari w, patnè w oswa yon zanmi. Ale pwomennen sou plas la, nan sant dacha a, ale manje nan yon restoran, ale nan sinema pandan gen yon granmoun nan fanmi an oswa yon zanmi ou fè konfyans ap veye pitit ou. Sòti sa yo kapab bay ase "tan granmoun" merite epi sa ede w kenbe relasyon sa yo ki gen anpil enpòtans pou wou.
- Chak semèn pran tan pou amize w ak yon pastan, oswa panse kòmanse yon nouvo. Lè w ap devlope enterè nan nouvo aktivite se yon bon mwayen pou pran swen tèt ou epi ba l valè.
- Voye imel bay oswa pale ak zanmi regilyèman. Pran nouvèl zanmi se yon mwayen enpòtan pou rete an kontak epi mentni yon rezo sipò.
- Chache lòt sipò anplis. Pran swen pitit ou kapab bay alafwa kè kontan epi defi. Si w santi w tris, fatige, oswa w anba presyon, mande sekou. Moun k ap bay fanmi ou swen sante kapab ba wou referans ou bezwen.

The Children's Trust

MISYON NOU:
Amelyore lavi tout timoun ak fanmi yo k ap viv nan Miami-Dade County ak bon jan envestisman nan lavi yo jodi ki kab ede yo demen.

Istwa fanmi a sou fòm atizana

Etazini se yon peyi kote fanmi tout moun soti yon lòt kote a yon sèten tan, amwenske ou se yon Endyen Ameriken natif natal. Yon nouvo pwogram "Arts for Learning" (atizana pou aprantisaj), ki rele "The Suitcase Project" epi ki resevwa finansman l nan men òganizasyon "The Children's Trust", ap ankouraje timoun pou yo esplore pakou fanmi yo atravè istwa, rechèch ak atizana. Pwojè sa a ankouraje lang, ladrès pou òganize ak ladrès pou rezone, paske li ede timoun yo dekouvri enfòmasyon konsènan pase yo.

Men kèk fason ou moun ak pitit ou ki gen laj pou ale lekòl kapab aprann sou istwa fanmi w pandan pitit ou ap devlope ladrès ki enpòtan.

- **Ann òganize tèt nou.** Pou kòmanse, pitit ou ap bezwen yon plim, yon kaye ak yon kamera yon sèl sèvis. Akwarèl, kreyon koulè, oswa plim fet ak papye brikolaj kapab ede tou.
- **Ki sa pitit ou ta renmen aprann?** Mande pitit ou ekri senk bagay li ta renmen aprann de istwa fanmi w. t your family's history. Ankouraje l poze keksyon ki pa mande repons senp tankou "wi" oswa "non". Li ka poze keksyon tankou: "Di m ki manje grann ou te konn kuit lè w te timoun?"

- **Ak ki moun pitit ou pral fè entèvyou?** Panse de ki moun nan fanmi an ki ta kab bay enfòmasyon sou istwa fanmi wou. Chwazi kat moun pou entèvyouwe; l ap pi bon pou yo soti nan 2 jenerasyon diferan. Poze fanmi keksyon ni bò kote manman w ni bò kote papa w.
- **Fè premye entèvyou a.** Apre premye entèvyou a, mande pitit ou ki sa li te aprann. Ki sa ki te etone l plis? Ki lòt keksyon li genyen? Fè pitit ou tcheke nòt yo epi ranpli tout ti detay anvan li bliye oswa anvan detay yon istwa vin konfonn ak detay yon lòt istwa.
- **Fè rès entèvyou yo.** Fè pitit ou revize nòt li yo epi mete tout detay yo sou papye anvan l kòmanse lòt entèvyou a.
- **Ale nan bibliyotèk.** Pitit ou kapab chache yon kat jewografi pou l retrase vwayaj fanmi an. Chache istwa zòn kote n soti yo. Chache atis, syantis ak ekriven ki soti nan zòn sa yo.

Ou menm ak pitit ou kapab fè esperyans ak anpil aktivite; men kèk nan yo:

- **Ekri yon ti istwa tou kout apre chak entèvyou**. Lè n ekri yon ti kout istwa apre chak entèvyou, sa ap ede piti ou konsève detay yo epi sa ba l okazyon pou l reflechi sou sa li sot aprann yo.
- **Sèvi ak foto pou ede n kreye pwòp pòtre fanmi nou.** Fè esperyans ak diferan medya: kopye pòtre yo ak akwarèl, kreyon oswa ak pòtre ki gen lonbraj sou papye brikolaj nwa.
- **Kreye yon orè.** Ki sa ki t ap pase sou latè lè paran ou yo te marye? Ki lè gran paran ou yo te rankontre? Ki lè ou te fèt?
- **Fè yon kolaj.** Sèvi ak nenpòt materyèl nou sot kreye pi wo la a oswa sèvi ak ti moso pwezi, istwa ou transkri, ansyen atik jounal, anons maryaj oswa envitasyon maryaj pou kreye yon kolaj sou istwa fanmi ou.

- **Kòmanse yon albòm.** Kòmanse ak kòmansman an (ak zansèt ou yo) oswa kòmanse apati kounye a (ak pitit ou) epi travay ann avan (oswa ann aryè), ajoute enfòmasyon firamezi w ap aprann plis.

Pou fini, pitit ou pa oblije limite tèt li pou l prezante istwa fanmi w sou de branch sèlman. of your family's history. Pandan tan an ap pase, bagay nou bay anpil valè tankou pyès atistik, nou kapab konsève yo nan yon bwat oswa nan yon veso espesyal nou dekore ak kèk imaj ki pou fè pitit ou sonje moun ak kote ki te ede fanmi w rive kote yo ye jounen jodi a.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou anseyman ak aprantisaj atravè travay atistik, kontakte Jane Gilbert ki se direktris jeneral "Arts for Learning/ Miami" (atizana pou aprantisaj) nan nimewo telefòn sa a: 305-576-1212.

Telefone 305-571-5700 pou ou pran plis enfòmasyon: www.thechildrenstrust.org

Kwen Atis

Tablo enfòmasyon nitrisyonèl

Moun ki ekri atik sa a se Sheah Rarback, M.S., R.D. Mailman Center for Child Development nan University of Miami.

Nan achte manje se pa kesyon jwenn sa w ap chèche a a bon mache ki konte sèlman. Gen kèk moun dwe suiv yon rejim ki pa gen anpil grès, gen lòt ki dwe manje manje ki gen plis fib, epi anpil timoun ta dwe gen plis vitamin A ak vitamin C nan sa yo manje. Etikèt enfòmasyon nitrisyonèl ki sou pake manje yo kapab ede. Ou pa oblije yon espesyalis nan afè nitrisyon pou w jwenn rannman nan manje ou manje, men li nesesè pou w pran tan pou li etikèt ki gen enfòmasyon nitrisyonèl yo, sa yo rele ann Angle "Nutrition Facts".

1. Yo make sou etikèt la kantite pòsyon ki genyen nan chak bwat. Yon moun ka manje manje sa a an 2 pòsyon. Chak pòsyon nan echantiyon etikèt manje sa a gen 260 kalori. Si yon moun ta manje tout pake manje sa a, yo tap manje 2 fwa 260 kalori sa bay 520 kalori.
2. Nan seksyon sa a yo make ki kantite grès, grès satire ak asid gra trans ki gen nan manje a. Enpe grès bon, men ou pa dwe manje manje ki gen anpil grès satire ak asid gra trans. Chèche manje ki gen chif ki ba nan seksyon sa a.
3. Zòn sa a bay ki kantite fib ki gen nan manje a. Li pi bon pou sante w pou w chwazi yon pen oswa yon sereyal ki gen omwen 2 a 3 gram fib.
4. Kategori sa a bay enfòmasyon sou vitamin A ak C, kalsyòm ak fè. Vitamin ak mineral yo enpòtan anpil pou timoun k ap grandi. Vitamin A ede zye a wè byen epi l ede po moun rete an bòn sante. Nou jwenn li nan legim koulè oranj yo tankou kawòt ak joumou, ak nan legim koulè vèt fonse, ak nan fèy yo. Nou jwenn vitamin C nan fwi tankou sitwon, zoranj, mandarin, chadèk; nan lòt fwi, ak nan enpe legim. Kò a sèvi ak vitamin C pou l konstwi epi pou l konsève tisi konjonktif yo, pou l geri maleng, epi konbat enfeksyon. Nou plis konnen kalsyòm kapab ede konstwi zo ak dan an sante. Fè ki nan manje ede kò a pwodui globil wouj ki an sante nan san an. Globil wouj transpòte oksijèn, se poutèt sa li enpòtan pou moun pran anpil fè. Si w wè 20% apre yon nitriman nan seksyon sa a, sa vle di manje sa a chaje anpil ak nitriman sa a.

Patisipe Nan ti Journal sa a...

Voye:
foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sitiyasyon fanmi. • Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. • Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

Voye lèt bay:
The Early Childhood Initiative Foundation
3250 SW Third Ave.,
Miami, Fla. 33129

Editè ti journal sa a se:
Ana de Aguiar
(305-646-7230)

Moun ki nan komite revizyon journal sa a se:
Dr. Debbie Glasser

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:
The Early Childhood Initiative Foundation
(646-7229) Ak United Way Success by 6 (305-860-3000)
De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Miami-Dade School Readiness Coalition) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvize pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami Dade County.
Se mesye Paula Bender ki pral dirije kowalisyon an (305-646-7225).

Tout moun abò pou n amize n an fanmi!

Pwoteksyon sou jwèt ki gen wou

Moun ki ekri atik sa a se Lee M. Sanders, MD, MPH, nan lekòl medsin Miller nan University of Miami.

Monte bisiklèt, paten ak lòt jwèt ki gen wou se aktivite anpil timoun renmen anpil. Chak ane gen plis pase 700,000 vizit ki fèt nan sal dijans akòz blesi sou paten, planch a woulèt ak sou bisiklèt. Blesi nan tèt se pi gwo kòz lanmò ak andikap nan koze aksidan sou bekàn. Timoun ant laj 5 ak 14 an pi fasil pou yo soufri domaj nan tèt akòz aksidan nan monte bisiklèt pase nenpòt lòt gwoup laj.

Men sa paran kab fè pou evite domaj epi ankouraje pwoteksyon pitit yo:

Mete kas sou tèt yo. Timoun dwe toujou mete kas sou tèt yo lè y ap monte bekàn, paten a motè, paten oswa planch a woulèt. Kas la dwe tache sere epi l pa dwe bare je timoun nan. Asire w riban ki pase anba manton an byen chita epi bouk la rete byen tache.

Ba yo ranbouraj. Pa bliye pwoteje koud, jenou ak pwayè pitit ou. Jenouyè, koudyè ak pwoteksyon pou pwayè ede evite blesi ki fè mal anpil nan ponyèt ak nan janm.

Anseye yo prekosyon nan sikilasyon. Montre pitit ou pou l gade a gòch, a dwat epi a gòch ankò anvan yo travèse lari a. Pale yo pou yo evite kote anpil machin sikile epi montre yo ki jan pou yo wè lè machin ap fè bak soti nan remiz. Pandan tout timoun dwe aprann règ proteksyon nan lari a, leson sa yo pran tan epi yo mande matirite pou timoun yo ka metrize yo. Fò toujou gen yon granmoun ki la ap voye je lè timoun piti ap monte bekàn oswa lè y ap jwe tou pre lari.

Monte yo lajounen. Timoun dwe monte bekàn ak lòt jwèt ki gen wou lajounen sèlman. Yo dwe mete rad ki gen koulè briyan sou yo tou lè y ap monte bisiklèt yon fason pou moun k ap kondi machin yo kapab remake yo pi fasil.

Tcheke jwèt ou. Asire w bekàn ak lòt jwèt ki gen wou pitit ou genyen yo, yo mache byen epi yo pa prezante okenn danje.

Trase bon egzanp. Timoun aprann suiv egzanp lòt moun se kon sa yo aprann. Lè w ap monte bisiklèt ou, mete kas sou tèt ou epi montre pitit ou enpòtans ki genyen nan fè bon chwa ak nan pran prekosyon.

Aprann plis. Meyè resous nasyonal ki genyen nan koze kas konpayi mande pou remèt yo poutèt yo pa bon ak nan koze enfòmasyon sou lòt aparèy pwoteksyon, se biwo ki okipe afè pwoteksyon konsomatè, yo rele li ann angle "Consumer Product Safety Commission" **(www.cpsc.gov)**. Meyè resous lokal pou pwoteksyon timoun nan lari ak prevansyon blesi se òganizasyon "Injury Free Coalition for Kids–Miami" **(http://www.violenceprevention.org oswa 305-243-3928)**.

ba yo plis konesans
renmen yo plis
3250 SW Third Ave.
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665